

Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE LÈT KI NOTIFYE REZO NASYONAL LA KONSÈNAN ENTANSYON POU REVOKE SÈTIFIKA LI A POU FONKSYONE FRANCHIZ GAZ REJYON SID LA

Gouvènè Andrew M. Cuomo te [te pibliye yon lèt](#) jodi a bay Direktè Jeneral Egzekitif Rezo Nasyonal (National Grid), John Pettigrew, ak Prezidan John Bruckner, ki bay yon notifikasyon 14 jou konsènan entansyon Eta New York pou revoke sètifika Rezo Nasyonal la pou fonksyone franchiz gaz reyon sid (downstate) li a. Gouvènè Cuomo te rive ak konklizyon sa a konsènan echèk Rezo Nasyonal la pou bay "sèvis apwopriye ak fyab", gen ladan echèk pou adrese kesyon apwovizyonman yo, nan neglije bezwen kliyan yo a, sa ki ralanti devlopman prive, ak diminsyon enpo sou revni ki asosye ak li a pou gouvènman lokal yo.

Tout tèks lèt la okonplè anba la a:

Chè Mesye Pettigrew ak Mesye Bruckner,

Lèt sa a se pou ba nou yon notifikasyon 14 jou konsènan entansyon mwen pou fè Eta New York avanse nan tandans pou revoke sètifika Rezo Nasyonal la pou fonksyone franchiz gaz reyon sid li a.

Rezo Nasyonal (ak tout sèvis piblik yo nan Eta a) fonksyone sèlman si li nan enterè piblik la pou konpayi a fonksyone.

Lwa sou Sèvis Piblik (Public Service Law, PSL) la prevwa pou yo bay yon sètifika komodite ak nesosite piblik si kòporasyon an kapab bay "sèvis apwopriye ak fyab" epi operasyon sèvis piblik la "nan enterè piblik la". Gen de pwosesis vyolasyon sekirite flagran anplis nan komisyon sou sèvis piblik la, ki denote mepri iresponsab kontini nou pou obligasyon ki se responsabilite Rezo Nasyonal la kòm yon sèvis piblik.

Pi lwen, akòz movèz itilizasyon Rezon Nasyonal la konsènan sistèm apwovizyonman gaz la nan Long Island ak Vil New York jan yo montre sa nan "moratwa" resan nou an sou sèvis pa gen okenn dout ke Rezo Nasyonal la te echwe nan bay sèvis "apwopriye ak fyab". Rekonesans resan nou an devan Komisyon sou Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) la ke "plis bagay te ka fèt pou kominike avèk kliyan yo" efikasman konsede ke Rezo Nasyonal la te refize sèvis yon fason ki pa kòrèk ak plis pase 1,100 fanmi epi se yon prèv tanjib konsènan enkapasite nou pou bay sèvis ki apwopriye epi nou ap pran avantaj sou piblik la nou ap sèvi a.

Responsabilite esansyèl pou yon sèvis piblik pou bay sèvis apwopriye ak fyab se jere òf ak demann lan. Mank apwovizyonman an menm ou mansyone kounye a kòm rezon pou refi sèvis pou plizyè milye kliyan yo ekspoze echèk ou pou planifye pou bezwen

apwovizyonman yo. Obligasyon fondamantal legal ou jan sa mandate nan sètifika operasyon ou a se te planifye epi prevwa pou bezwen alavni yo. Nou te echwe ak pwòp rekonesans nou an.

Rezo Nasyonal la te rann li klè ke sèl plan li a pou apwovizyonman alavni te baze sou yon sèl pwojè espekilatif: konstriksyon yon tiyo prive atravè New Jersey ak New York. Plan an pou bati tiyo sa a te riske nan pi bon ka a. Tiyo a te egzije apwobasyon regilatwa miltip nan toude Eta yo, li te fè fas ak defi potansyèl miltip yo ak obstak pou konstriksyon yo. Depandan de yon kalandriye konstriksyon ki dire 12 mwa pou yon pwojè ki sitèlman konplèks ak kontwovèsè konsa iresponsab tou.

Lè nou konsidere tout risk yo nan yon tiyo konsa nou rive ak yon konklizyon presi, se te responsabillite yon sèvis piblik konpetan ak pwofesyonèl pou ekplòre epi bay plan kontenjans yo ak opsyon akoutèm ak alontèm yo.

"Moratwa" a se oswa yon dispozitif yo fabrike oswa yon mank konpetans. Pa gen okenn bezwen lejitim pou sa an premye lye. Genyen opsyon alontèm aktyèl yo pou kontrakte pou gaz ki pa nan tiyo ki soti nan lòt sous, ke Rezo Nasyonal la oswa yon fason delibere, yon fason neglije oswa yon fason enkonpetan pa te sekirize. Rezo Nasyonal la te ekplòre tout opsyon yo avan li te refize sèvis. Yo ka pote gaz sou kamyon, sou bato, oswa sou baj, epi yo te ka pwopoze lòt enfrastrikti oswa enstale lòt etablisman pou dechaje. Yo te ka pwopoze sèvis elektrik ak mezi pou repons demann yo. Yo te ka pwopoze ponp chofaj ak sous renouvlab yo. Rezo Nasyonal la te sipoze ekplòre epi peze opsyon sa yo epi rann yo piblik pou konsomatè yo evalye avan Rezo Nasyonal la te refize sèvis gaz la.

Yo dve evalye, jis kòm yon opsyon, tiyo a ansanm avèk lòt opsyon yo pou konsekans ekonomik ak anviwònmantral respektif yo pou pèmèt Rezo Nasyonal ak Eta a pran yon desizyon eklere. Chwa a pat janm ant tiyo a oswa yon moratwa imedyà. Te genyen, epi genyen, sètènman lòt solisyon akoutèm yo. Se te obligasyon legal ou a.

Aksyon Rezo Nasyonal yo te vyole klèman politik mandate Eta a pou sèvis piblik yo: "pou fòmile ak egzekite gwo pwogram yo, endividyèlman oswa kowoperativman, pou pèfòmans responsabilite sèvis piblik yo a avèk ekonomi, efikasite, epi pran swen pou sekirite piblik, prezèvasyon valè anviwònmantral ak konsèvasyon resous natirèl yo".

Mank kapasite Rezo Nasyonal la nan adrese kesyon òf ak demann lan ke pwòp aksyon Rezo Nasyonal yo te egzasebe. Rezo Nasyonal yo te komèsyalize "konvèsyon lwil pou gaz" la ki te ogmante demann gaz la (ak baz kliyan Rezo Nasyonal la) nan mepri iresponsab echèk konpayi a pou genyen nenpòt plan alavni pou satisfè demann li te ap kreye a.

Anplis, echèk Rezo Nasyonal la te adrese kesyon apwovizyonman an, abi kliyan yo a, enpak ekonomik advès yo te lakòz nan ralanti devlopman prive, ak diminisyon enpo sou revni ki asosye pou gouvènman lokal yo, klèman demontre operasyon Rezo Nasyonal yo pa nan enterè piblik la. Enpozisyon yon morantwa Rezo Nasyonal la sou nouvo devlopman ak ekstansyon moratwa a pou kliyan aktyèl yo te fè ditò ak plizyè milye moun. Rezo Nasyonal la te admèt taktikman abi sa a konfòmeman ak konklizyon Komisyon sou Sèvis Piblik la ke yo te refize gaz pou plis pase 1,100 kliyan.

Genyen sèlman de teyori pou eksplike aksyon Rezo Nasyonal yo. Oswa Rezo Nasyonal la te manifèsteman neglijan nan depann eksklizivman de konstriksyon espekilatif yon tiyo prive pou satisfè demann yo ke yo te egzije li legalman pou bay; oswa Rezo Nasyonl la te yon fason delibere twonpe moun Eta a lè li pat devlope oswa pouswiv opsyon apwovizyonman aktyèl yo pou fòse apwobasyon ak depandans sou yon tiyo prive pou fè avanse enterè biznis yo a odetriman konsomatè a.

Oswa altènatif la klèman vyole sètifika operasyon ou a nan Eta New York.

Silvouplè enfòmè mwen konsènan nenpòt konsiderasyon mwen te bliye, oswa aksyon korektif imedya aktyèl ki siyifikatif ou tap pwopoze yo nan 14 jou.

Mèsi.

###

1

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)